

Slamet Saka Awan Panas Semeru

Nama: _____

Kelas: _____



IISS MALANG

Always Ready With The World



Crita Narasi

Slamet Saka Awan Panas Semeru

Leni lan bapake mangkat saka Surabaya menyang Dhusun Sumbersari, Lumajang, ing dina Jemuwah (2 Desember 2022). Sing dadi tujuwane yaiku kanggo niliki lan nambani simbah putri sing lagi gerah. Sawise ngunjuk obat saka bapak, kahanane simbah wiwit mari. Ing dina Minggu esuk, simbah wis bisa tangi lan nggaweake wedang kopi, teh, sarta jadah goreng kanggo bapak lan Leni. Nalika lagi gayeng crita lan guyon ing jam 05.20 esuk, dumadakan keprungu swara "blaaarr" saka puncak Semeru.

Katon awan panas sing diarani "wedhus gembel" mudhun lan tansaya nyedhaki omah. Simbah sempat ngongkon bapak lan Leni mlayu dhisik, nanging bapak ora gelem ninggalake simbah. Bapak banjur nggendhong simbah lan ngongkon Leni mlayu sing banter dhisiki supaya slamet. Leni mlayu tekan Posko ing cedhak Kantor Desa banjur lapor marang petugas BPBD. Petugas langsung tumindak cepet nulungi bapak lan simbah sing isih keré ing mburi. Leni, bapak, lan simbah pungkasané bisa munggah mobil BPBD lan ninggalake zona bahaya. Sanajan awan panas katon kaya nututi, kabeh mau bisa slamet tekan papan pengungsian sing aman.




Urutna Gambar Miturut Critane!

1




Leni lan Bapak mangkat saka Surabaya menyang Lumajang kanggo niliki lan nambani simbah putri sing lagi gerah.

2



Ing dina Minggu esuk, simbah wis bisa tangi amarga ngunjuk obat saka bapak

3




Nalika lagi gayeng crita lan guyon ing jam 05.20 esuk, dumadakan keprungu swara "blaaarr" saka puncak Semeru.

4



Bapak banjur nggendhong simbah lan ngongkon Leni mlayu sing banter dhisiki supaya slamet.

5



Leni mlayu tekan Posko ing cedhak Kantor Desa banjur lapor marang petugas BPBD.

6



Leni, bapak lan simbah bisa slamet tekan papan pengungsian sing aman.

“Tariken gambar menyang kothak sing bener manut urutan crita!”





Wangsulana!

- Jawablah pertanyaan di bawah ini dengan benar dan teliti!

1. Leni lan bapake mangkat menyang Lumajang ing dina apa?

Jawab:

2. Tujuwane Leni lan bapake tindak Lumajang yaiku kanggo apa?

Jawab:

3. Sawise ngunjuk obat, simbah bisa nindakake apa ing dina Minggu esuk?

Jawab:

4. Swara “blaaarr” sing keprungu iku tandha apa?

Jawab:

5. Sapa sing nulungi bapak lan simbah nalika ana ing bebaya?

Jawab:
